


# SIMPONI DUNYA KELAS TERI



SARDA  
ndung

SAJAK-SAJAK ROSYID É. ABBY



## ROSYID É. ABBY



Sakapeung ngaranna sok disingget RÉA atawa RÉ Abby. Gumelar di Bandung, 19 Séptémber 1965. Ti taun 1989 tepi ka ayeuna cekel gawé di Surat kabar Mingguan (SKM) "Galura". Resep kurung-karang dimimitian ti SMP (1980-an), mangrupa carpon, sajak, éséy, artikel, naskah téater, boh dina basa Sunda boh basa Indonésia.

Lian ti resep nulis, Rosyid --nu oge pengamat pilem jeung sinetron di Forum Film Bandung-- téh sok icikibung dina sawatara organisasi/komunitas seni-budaya, maén téater jeung nyutradaan (téater Sunda jeung Indonésia, tradisional jeung modérn).

Naskah téater nu kungsi ditulisna: *Lembah Pengasingan* (drama, 1984), *Prahara* (drama, 1984), *Sebuah Bukit tak Berbunga* (drama, 1990), *Roh* (longsér, 1997), *Mesin Waktu* (longsér-lénong, 1998), *Aweuhan Tanah Priangan* (oratorium, 1999), *A-I-U-É-O-EU* (drama, 2003), *Kabayan Langlang Jaman* (drama, 2005), *Kasidah Cinta Jalma-Jalma nu Iman* (drama musikal, 2006), *Cakrawala di Langit Bandung* (oratorium, 2007), *Mulung Muntah* (longsér, 2007), *Kasidah Cinta Sang Muadzín* (drama musikal, 2007), jrrd. Nyundakeun ogé sawatara naskah drama karya Anton Chékhov, Putu Wijaya, Motinggo Boesye, N. Riantiarno, Molliéré, William Shakespeare, jrrd.

Puisina dina basa Indonésia geus medal mangrupa buku, nyaéta *Pengembaraan Sunyi* (2007). Ari puisi dina basa Sunda mah, lian ti ieu kumpulan *Simponi Dunya KelasTeri* téh, aya nu dimuat dina buku *Antologi Saratus Sajak Sunda* (1992), *Sajak Sunda Indonésia Emas* (1995), *Campaka Mangkak* (2001), *Galindeng Asih nu Taya Kandatna* (2004), *Surat keur Bandung* (2006), *Sajak Sunda* (2007), jeung *Mun Dunya Bisa Nyarita* (2008).

Salasihiji puisi Sundana nu dimuat dina *Galura* ("Sareupna", dimuatkeun ogé dina ieu kumpulan) dianugerahan Hadiah Sastra ti Lembaga Basa jeung Sastra Sunda (LBSS) taun 2004.\*\*\*

Kantor  
Kota

8  
A